# Geenu Gaynde



1 Dafa amoon bés, genn gaynde gu geenam réer. Mu daldi am naqar lool.



2 Noonu, jenn jinax daldi yegsi, laaj ko : « Gaynde lan moo la naqari ? » Gaynde ne : « Damaa xamul fu sama geen nekk ! »



3 Jinax xool ci kanamu gaynde.



4 Dellu xool ci gannaawu gaynde. Waante, moom itam, gisul geenu gaynde.

25/08/2021 10:06



5 Genn golo yegsi, laaj ko : « Gaynde, lan moo la naqari ? »
Gaynde ne : « Damaa xamul fu sama geen nekk ! »



6 Golo xool ci kanamu gaynde.



7 Dellu xool ci gannaawu gaynde. Waaye moom it mënul a gis geenu gaynde.



**8** Menn mbonaat yegsi, laaj ko : « Gaynde, lan moo la naqari ? »
Gaynde ne : « Damaa xamul fu sama geen nekk ! »




**9** Mbonaat xool ci kanamu gaynde.



**10** Dellu xool ci gannaawu gaynde. Gisul dara. Mbonaat ne : « Waat naa ne mën naa feeñal sa geen ! »

25/08/2021 10:06



11 « Jógal yaw gaynde ! »



12 « Dangaa toogoon ci sa geen, moo tax mënoo ko woon a gis ! »

This work is licensed under a Creative Commons Attribution Non-Commercial No Derivatives (CC BY-NC-ND) License.